

## **BAB III**

### **MÉTODEU PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Métodeu Panalungtikan**

Métodeu panalungtikan nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 2) nyaéta cara nu ilmiah pikeun nyangking, mekarkeun, jeung ngabuktikeun data pikeun ngungkulon hiji pasualan. Métodeu panalungtikan kudu dipilampah dumasar kana cara ilmiah nyaéta rasional, émpiris, dan sistematis.

Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif kalawan métodeu déskriptif. Panalungtikan kualitatif nurutkeun Rukin (2019, kc. 6) nyaéta panalungtikan anu nyoko kana kualitas, hartina data nu ditalungtik henteu patali jeung ukuran atawa angka, tapi leuwih nyindekel kana harti, panalaran, sarta wangenan hiji situasi anu tangtu sarta leuwih loba nalungtik hal anu patalina jeung kahirupan sapopoé. Hal nu sarua dijéntrékeun ku Iskandar (2008, kc. 186) yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ngébréhkeun data dina wangun lisan jeung tulisan. Panalungtik bisa maham kana kajadian-kajadian sosial nu patali jeung pasualan anu keur ditalungtik. Ari métodeu déskriptif nurutkeun Moleong (2007, kc. 11) nyaéta léngkah-léngkah panalungtikan sosial pikeun nyangking data déskriptif nu mangrupa kekecapan atawa gambar.


Panalungtik milih pamarekan kualitatif métodeu déskriptif lantaran boga udagan pikeun nyangking data déskriptif mangrupa kekecapan lisan ti siswa SMA Negeri 1 Garut. Panalungtik ngumpulkeun data déskriptif saloba-lobana pikeun diébréhkeun dina wangun laporan jeung uraian.

#### **3.2 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kualitatif déskriptif. Nurutkeun Rukin (2019, kc. 6), panalungtikan kualitatif déskriptif nyaéta panalungtikan nu nyoko kana kualitas, hartina data nu ditalungtik henteu patali jeung ukuran atawa angka, tapi leuwih nyindekel kana harti, panalaran,

sarta wangenan hiji situasi anu tangtu sarta leuwih loba nalungtik hal nu patalina jeung kahirupan sapopoé.

Hal anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta wujud bilingualisme, ragam bilingualisme, sarta faktor nu ngabalukarkeun bilingualisme dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut. Ku kituna, saluyu jeung nu dipedar samémehna, galur panalungtikanana ngawengku: 1) ngarumuskeun masalah, 2) ngumpulkeun data, 3) ngolah data, 4) ngadadarkeun hasil data, jeung 5) nyieun kacindekan.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

### 3.3 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), data nyaéta hal anu dicangking langsung ku jalma anu keur ngalaksanakeun panalungtikan atawa jalma anu kalibet dina panalungtikan. Data anu dicangking dina ieu panalungtikan nyaéta kekecapan

waktu interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut sarta jawaban tina wawancara jeung angkét. Sedengkeun sumber datana nyaéta ti siswa SMA Negeri 1 Garut.

### **3.4 Téknik Ngumpulkeun Data**

Téknik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téknik simak, rékam, catet, wawancara, jeung angkét. Téknik simak, rékam, jeung catet dilakukeun pikeun mikanyaho wujud jeung ragam bilingualisme basa Sunda-Indonésia nu nyampak dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut, sedengkeun téknik wawancara jeung angkét dilaksanakeun pikeun mikanyaho faktor-faktor sarta kasang tukang anu ngabalukarkeun ayana kajadian bilingualisme di lingkungan sakola SMA Negeri 1 Garut.

#### a. Téknik Simak

Tehnik simak anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téknik simak bēbas libat cakap. Nurutkeun Sudaryanto (2015, kc. 204), téknik simak bebas libat cakap mangrupa téknik ngumpulkeun data ku cara ngaregepkeun naon anu diomongkeun ku subjék panalungtikan tapi panalungtik teu kalibet dina interaksina.

#### b. Téknik Rékam

Téknik anu dipaké satuluyna nyaéta téknik rékam. Nurutkeun Junaini (2017, kc. 41), téknik rékam nyaéta téknik ngumpulkeun data ku cara ngarékam hal anu bisa dijadikeun data. Téknik rékam nu dilakukeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngarékam interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut dina kagiatan pangajaran, interaksi di kantin, jeung interaksi nalika kagiatan ékstrakulikulér.

#### c. Téknik Catet

Téknik catet nurutkeun Mahsun (2013, kc. 104) nyaéta nyatet hal-hal atawa data anu saluyu jeung tujuan panalungtikan. Ieu téknik dipaké ku panalungtik pikeun ngarobah data lisan nu aya dina rékaman jadi data tinulis sarta nyatet wujud-wujud bilingualisme nu aya dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut. Data anu dirobah ku panalungtik nyaéta data omongan siswa SMA Negeri 1 Garut jadi kana wangun tinulis ku cara transkripsi data. Sabada transkripsi data

réngsé, panalungtik ngasupkeun data kana tabél anu midangkeun wujud jeung ragam bilingualisme.

d. Téknik Wawancara

Téknik wawancara nurutkeun Pujaastawa (2016, kc. 4) mangrupa cara nu sistematis pikeun nyangking data dina wangun kalimah pananya pikeun ngaguar hiji objék atawa kajadian. Ieu téknik dipaké ku panalungtik pikeun néangan data ngeunaan faktor anu ngabalukarkeun ayana bilingualisme dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut.

e. Téknik Angkét

Nurutkeun Komalasari (2011, kc. 82), téknik angkét dipaké pikeun nyangking data ngeunaan faktor nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut. Téknik angkét anu dipaké nyaéta téknik angkét tertutup, nyaéta angkét anu geus disadiakeun pilihan jawabanana.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu dipaké dina panalungtikan kualitatif nurutkeun Djajasudarna (2010, kc. 12) nyaéta panalungtikna sorangan. Ieu hal dilantarankeun manusa bisa nyaluyukeun jeung kaayaan nu karandapan di lapangan. Salian ti panalungtik minangka instrumén panalungtikan, instrumén anu ngarojong pikeun ngumpulkeun data maké téknik simak, rekam, jeung catet nyaéta alat rékam jeung kartu data. Alat rékam dipaké pikeun ngarékam interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut, sedengkeun kartu data pikeun ngumpulkeun data-data panalungtikan dina wangun tinulis. Instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan dipidangkeun dina tabél di 3.1 jeung tabél 3.2.

Tabél 3.1  
Instrumén Panalungtikan Wujud Bilingualisme

No Data.	Wujud Bilingualisme	Kode Data
(001)		WB/KNN/TR/1
(002)		WB/KLS/R/2
(003)		WB/LPG/R/3
jst.		jst.

Keterangan:

WB = Wujud Bilingualisme

KNN = Kantin

KLS = Kelas

LPG = Lapang

TR = Teu Resmi

R = Resmi

Tabé1 3.2  
Instrumén Panalungtikan Ragam Bilingualisme

Kode Data	Wujud Bilingualisme	Ragam Bilingualisme		
		Koordinatif	Majemuk	Subordinatif
jst.				

Salian ti nu geus dipedar saméméhna, ieu panalungtikan ogé maké téknik wawancara jeung angkét pikeun maluruh faktor nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut. Sangkan teu méngpar tina tujuan panalungtikan, panalungtik nyieun padoman wawancara jeung padoman angkét minangka hiji acuan dina ngumpulkeun data. Padoman wawancara jeung angkét dipedar di handap ieu.

Tabé1 3.3  
Padoman Wawancara Faktor Bilingualisme

No.	Bahaseun	Daptar Pertanyaan
1.	Kasang tukang narasumber	<p><i>Pertanyaan umum:</i>            Basa naon anu mimiti diajarkeun ku kolot sadérék?            Iraha sadérék mimiti diajar basa Indonésia/Sunda?            Naha sadérék ngawasa jeung maké basa Sunda dina kahirupan sapopoé?            Naha sadérék ngawasa jeung maké basa Indonésia dina kahirupan sapopoé?</p>

No.	Bahaseun	Daptar Pertanyaan
2.	Faktor migrasi nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme	<p><i>Pertanyaan</i> husus:</p> <p>Naha sadérék asli urang Garut?  Naha kolot sadérék asli urang Garut?  Saupama lain ti Garut, asalna ti mana?  Naha aya babaturan sadérék anu asalna ti luar Garut?  Saupama aya, basa naon anu dipaké pikeun interaksi jeung manéhna?</p>
3.	Faktor internal panyatur nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme	<p><i>Pertanyaan</i> husus:</p> <p>Naha sadérék sok maké dua basa dina kgiatan sapopoé jiga ngitung, ngira-ngira, ngadunga, nyarékan, atawa nyatet hiji hal?</p>
4.	Faktor internal ( <i>appitude</i> ) panyatur nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme	<p><i>Pertanyaan</i> husus:</p> <p>Naha sadérék resep jeung reueus maké basa Sunda di sakola?  Naha sadérék resep jeung reueus maké basa Indonésia di sakola?</p>
5.	Faktor éksternal (kontak jeung variabel) panyatur nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme	<p><i>Pertanyaan</i> husus:</p> <p>Basa naon anu dominan dipaké ku babaturan sadérék nalika di sakola? Naha sering atawa henteu?  Nalika ngobrol jeung babaturan boh di kelas, boh di luar kelas basa naon anu sering dipaké?  Nalika ngobrol jeung guru boh di kelas, boh di luar kelas basa naon anu sering dipaké?  Nalika ngobrol jeung ibu kantin, satpam, staff kependidikan, séjénna basa naon anu sok dipaké?</p>

Tabél 3.4  
Padoman Angkét Faktor Bilingualisme

No.	Bahaseun	Daptar Pertanyaan
1.	Biodata narasumber	<p>Wasta:  Kelas:  Tempat, Tanggal Lahir:  Domisili:  Nomor Telepon:</p>

No.	Bahaseun	Daptar Pertanyaan
2.	Kasang tukang narasumber	<p><i>Pertanyaan umum:</i>            Basa naon anu mimiti diajarkeun ku kolot sadérék?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Basa Sunda</li> <li>b. Basa Indonésia</li> <li>c. Basa séjénna _____</li> </ul> <p>Iraha sadérék mimiti diajarkeun basa Sunda?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Ti SD</li> <li>b. Ti SMP</li> <li>c. Ti SMA</li> </ul> <p>Iraha sadérék mimiti diajarkeun basa Indonésia?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Ti SD</li> <li>b. Ti SMP</li> <li>c. Ti SMA</li> </ul> <p>Naha sadérék ngawasa jeung maké basa Sunda?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Ngawasa</li> <li>b. Henteu ngawasa</li> <li>c. Ngarti kana basa Sunda, tapi teu bisa nyaritana</li> </ul> <p>Naha sadérék ngawasa jeung maké basa Indonésia?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Ngawasa</li> <li>b. Henteu ngawasa</li> <li>c. Ngarti kana basa Indonésia, tapi teu bisa nyaritana</li> </ul> <p>Naha sadérék asli urang Garut?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Asli Garut</li> <li>b. Lain Asli Garut</li> </ul> <p>Naha kolot sadérék asli urang Garut?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Asli Garut</li> <li>b. Lain Asli Garut</li> </ul> <p>Saupama lain ti Garut, asalna ti mana?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Daerah Jawa</li> <li>b. Jakarta</li> <li>c. Séjénna _____</li> </ul>
2.	Faktor migrasi nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme	<p><i>Pertanyaan husus:</i>            Basa naon anu dipaké pikeun interaksi jeung babaturan anu asalna ti luar Garut?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Basa Sunda</li> <li>b. Basa Indonésia</li> <li>c. Basa séjénna _____</li> </ul> <p>Pakasaban naon anu dipilampah ayeuna ku kolot sadérék?</p>

No.	Bahaseun	Daptar Pertanyaan
		<p>a. PNS/TNI/Polri  b. Pedagang  c. Pakasaban séjenna _____  Naha pakasaban kolot sadérék merlukeun basa Indonésia pikeun kaperluan gawé?</p> <p>a. Perlu  b. Henteu perlu</p>
3.	Faktor internal panyatur nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme	<p><i>Pertanyaan husus:</i>  Naha hidep sok maké dua basa dina kagiatan sapopoé jiga ngitung, ngira-ngira, ngadunga, nyarékan, atawa nyatet hiji hal?</p> <p>a. Maké dua basa  b. Maké hiji basa  Naha sadérék resep jeung reueus maké basa Sunda di sakola?</p> <p>a. Enya, sim kuring resep jeung reueus maké basa Sunda  b. Henteu resep jeung reueus maké basa Sunda  c. Ragu-ragu  Naha sadérék resep jeung reueus maké basa Indonésia di sakola?</p> <p>a. Enya, sim kuring resep jeung reueus maké basa Indonésia  b. Henteu resep jeung reueus maké basa Indonésia  c. Ragu-ragu</p>
5.	Faktor éksternal (kontak jeung variabel) panyatur nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme	<p><i>Pertanyaan husus:</i>  Basa naon anu dominan dipaké ku babaturan sadérék nalika di sakola?</p> <p>a. Basa Sunda  b. Basa Indonesia  c. Duanana  Nalika ngobrol jeung babaturan boh di kelas, boh di luar kelas basa naon anu sering dipaké?</p> <p>a. Basa Sunda  b. Basa Indonesia  c. Duanana  Nalika ngobrol jeung guru boh di kelas, boh di luar kelas basa naon anu sering dipaké?</p> <p>a. Basa Sunda  b. Basa Indonesia  c. Duanana  Nalika ngobrol jeung ibu kantin, satpam, staff</p>

No.	Bahaseun	Daptar Pertanyaan
		<p>kependidikan, séjénna basa naon anu sok dipaké?</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Basa Sunda</li> <li>b. Basa Indonesia</li> <li>c. Duanana</li> </ul>

### 3.6 Téknik Ngolah Data

Ngolah data mangrupa prosés néangan jeung nyusun data anu dicangking tina hasil observasi jeung dokuméntasi ku cara metakeun data kana sababaraha katégori, ngasupkeun kana sababaraha unit, sarta nyieun kacindekan. Muhadjir (dina Rijali, 2018 kc. 81) ngébréhkeun yén kagiatan ngolah data bisa ogé dilaksanakeun pikeun ngaronjatkeun pamahaman panalungtik ngeunaan pasualan anu keur ditalungtik.

Téknik ngolah data dina ieu panalungtikan maké métodeu déskriptif. Métodeu déskriptif nurutkeun Milles jeung Huberman (1992, kc. 16) nyaéta hiji prosés ngolah data pikeun ngagambarkeun hiji kaayaan anu kajadian di lapangan.

Léngkah-léngkah ngolah data nyaéta

- a. ngaréduksi data, ku cara ngarangkum, milihan data-data pokok, jeung museurkeun panitén kana data anu pentingna hungkul;
- b. ngumpulkeun data mangrupa kekecapan nu nuduhkeun wujud bilingualisme basa Sunda-Indonésia, anu satulunya dipasing-pasing dumasar ragam bilingualismena;
- c. nganalisis data wawancara jeung angkét pikeun mikanyaho faktor nu ngabalukarkeun ayana bilingualisme
- d. medar hasil data dina wangun uraian, bagan, patalina antar kategori, atawa téks anu sipatna naratif; jeung
- e. nyindekkeun hasil ngolah data.